

GID POU PARAN



Lakou
Kajou


Ki sa Ti Lekòl Lakay ye ?



- Ti Lekòl Lakay se yon pwogram lesон odyo pou ede timoun nan nivo depi preskolè 3 rive nan 4 yèm ane fondamantal, pou aprann lakay yo.
- Se yon seri dis chapit, yo chak sou yon tèm. Chak chapit gen 5 lesон ladan I, youn pou chak jou nan semèn nan.
- Chak lesон odyo dire 4-10 minit, ak anviwon 10 minit pou aktivite a.
- Lesон yo ap ede timoun yo devlope konpetans nan lekti, matematik, lasyans, lakilti, elatriye.

Kòman pou w itilize pwogram Ti Lekòl Lakay la?

1. Chita ak timoun nan.
2. Koute lesон an ansanm.
3. Mete imaj fich aktivite a sou telefòn ou an epi mande timoun nan fè aktivite a.



Tèm Leson yo

Chapit 1
Abèy



Chapit 2
Lanati



Chapit 3
Jewografi



Chapit 4
Anviwònman



Chapit 5
Dlo



Chapit 6
Egzèsis



Chapit 7
Transpò



Chapit 8
Zouti



Chapit 9
Patrimwàn



Chapit 10
Mèzi



5 ti konsèy itil pou ranfòse aprantisaj



#1

Jwenn yon espas trankil epi
akonpanye timoun yo.



#2

Prepare yon kreyon ak
yon fèy kaye pou aktivite
yo.



#3

Repase leson an selon
kantite fwa timoun yo
bezwen pou yo ka
konprann.



#4

Fè yon leson chak jou.
Refè li ankò si nesesè.



#5

Lè yo fin tandé, mande
timoun yo pou yo pataje sa
yo te aprann.



Aprann epi
amize w ak
Ti Lekòl Lakay!



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.



CHAPIT 1 SEMÈN ABÈY

Lesón 1.1 Lolita Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Lolita*. Aprè sa, mande li pou li kanpe. Eksplike timoun ou li dwe sote lè I tande non yon bêt ki vole, epi I ap ret kanpe lè I tande non yon bêt ki pa vole.

Site non bêt, tankou:

- kabrit
- poul
- chen
- gèp
- abèy
- pipirit
- chat



Lesón 1.2 Abèy Madi

 **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen pou twa mo ki kòmanse ak son A : abèy, avyon, anana. Apre sa mande timoun ou fè yon ti flannen nan zòn nan kòmsi li te yon abèy k ap chèche flè pou li kolekte nekta pou I ka fè siwo myèl. Mande I bat zèl li epi gade tout kote pou wè si li jwenn flè.

Lakou
Kajou



Leson 1.3 Konte ak abèy Mèkredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen yon moun epi mete diferan pati nan kò moun nan ak tout sa li genyen ki menm sou chak bò.

Leson 1.4 Abèy – vokabilè Jedi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen yon nich sou papye li a epi ekri lèt N bò nich la. Mande timoun ou fè desen myèl epi ekri lèt M bò kote desen sa a. Finalman, mande timoun ou desinen nekta epi ekri lèt N bò kote desen an.

Leson 1.5 Diferan kalite abèy Vandredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen yon **rèn abèy** sou papye li a epi ekri lèt **R** bò rèn abèy li a. Mande timoun ou fè desen yon **abèy mal** epi ekri lèt **M** bò kote desen sa a. Finalman, mande timoun ou desinen yon **abèy ouvriyè** epi ekri lèt **Ou** bò kote desen an.



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.



CHAPIT 2 SEMÈN LANATI

Lesón 2.1 Mari ak son lan Lendi nwit yo

Mande timoun ou koute istwa Mari ak son lannwit yo. Aprè sa, mande li imajine li oblige konvenk zanmi li yo pou yo chak plante 10 pye bwa, menm jan Mari te mande lòt timoun yo fè sa nan istwa a. Mande timoun ou ki sa li ta di zanmi l yo pou yo ka ede l plante plis pye bwa ? Pou ki sa pye bwa enpòtan ? Ki sa li ta di zanmi l yo pou yo ka konprann jan pye bwa enpòtan ?

Lesón 2.2 Pyebwa Madi

► **Materyèl :** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou reflechi sou yon pye bwa li wè déjà oswa li abitye wè. Mande timoun ou : Ki kote ou te wè pye bwa a ? Ki sa li te sanble ? Eske li te gen fèy, flè, fwi ? Ki jan pye bwa sa a ede moun ? Mande timoun ou desinen yon pye bwa. Mande li pou li pale ou sou pye bwa a epi di ou pou ki sa li enpòtan pou li. Ede timoun ou ekri mo sa yo : PYE BWA MWEN.



Leson 2.3 Pran swen latè Mèkredi

■ **Materyèl:** Yon bagay ou panse ki se fatra

Mande timoun ou ki jan nou ka resèvi ak bagay nou panse ki ta dwe jete nan fatra. Ki sa li ta ka fè ak sache dlo ? Ki diferan fason li ta ka sèvi ak sa ? Pa egzanp, li ta ka pran kèk sache plastik ou woule yo an boul, epi tepe yo pou li ka gen yon ti boul pou jwe ki fèt ak fatra ki resèvi. Mande pitit ou jwenn yon bagay lakay ou ke tout moun panse ki se fatra, epi jwenn yon nouvo sèvis pou li.

Leson 2.4 Konte ak pyebwa Jedi

■ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen yon pye bwa ki gen 5 branch, 5 nich, ak 10 ze. Mande timoun ou konte tout nich yo pa youn. Apre sa, mande timoun ou konte ze yo pa de.

Leson 2.5 Bagay vivan Vandredi

■ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Eksplike timoun ou, ou pral jwe yon jwèt. Ou pral di non yon bagay epi pitit ou dwe di ou si li vivan oswa li pa vivan. Di non yon bagay, epi poze twa kesyon yo, pou ede pitit ou konnen ki bagay ki vivan ak ki sa ki pa vivan : Eske li respire ? Eske li grandi ? Eske li chanje ?



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesон,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesон pou ou.



CHAPIT 3 SEMÈN JEWOGRAFI

Lesон 3.1 Ki kote solèy la kouche ? Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Ki kote solèy la kouche ?* a. Mande timoun ou chèche pozisyon solèy la 3 fwa nan jounen an (maten, midi, ak aswè). Mande timoun ou trase lonbraj li atè 3 fwa nan jounen an. Mande li ki lè lonbraj li long, ak ki lè lonbraj li kout.

Lesон 3.2 Agrikilti Ayisyen Madi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ki diferan kalite fwi ak legim li konn wè k ap donnen kote nou abite a, oswa yon lòt kote nou konn vizite. Mande timoun ou desinen 5 fwi ki gwo, ak 5 fwi ki piti. Mande li konte fwi li nonmen yo. Kounye a, ede timoun ou rekonèt non kèk legim, konte yo, epi desinen yo sou yon papye.



Leson 3.3 Kat yo Mèkredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, yon trezò

Di timoun ou al kache trezò a. Di l ou pral jwenn trezò a gras ak yon kat. Ale ak timoun ou nan pyès kote li kache trezò a. Pou fè kat la timoun nan dwe mezire ak pye li longè chak mi nan pyès kay la epi trase yon liy pou rezante chak mi. Mande timoun nan desinen pozisyon mèb yo nan kat la. Lè li fin fè desen yo, di li mete yon kwa nan kat la pou montre ki kote trezò a kache.

Leson 3.4 Direksyon, pozisyon Jedi

► **Materyèl:** 5 bagay lakay ou

Mande timoun ou dekri kote kay nou ye avèk mo sa yo: lwen, pre, devan, dèyè, an wo, an ba. Mande timoun ou chwazi 5 bagay lakay ou epi ranje 5 bagay sa yo nenpòt jan. Apre sa, youn apre lòt mande timoun ou eksplike kote chak bagay ye pa rapò ak lòt 4 yo.

Leson 3.5 Konte relyèf yo Vandredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou chwazi yon diferan fòm ki ka ede li rezante yon rivyè, yon plèn, ak yon mòn. Mande li fè yon kat epi ajoute plizyè nan fòm sa yo sou kat li a. Kounye a relyèf kat la gen yon pakèt fòm diferan sou li. Mande timoun ou konte diferan konbinezon fòm.



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.



CHAPIT 4 SEMÈN ANVIWÒNMAN

Lesón 4.1 Jozefin Lendi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou koute istwa Jozefin. Mande timoun ou fè 3 desen diferan ki montre ki jan yon pye mango ka pouse. Premye desen an dwe montre yon grenn mango ki fèk ap plante nan tè. Dezyèm desen an dwe montre jan pye mango a ap leve. Twazyèm nan ap donnen fwi ! Pa blyie mete tè, solèy, ak dlo nan imaj yo. Ekri chif 1, 2, ak 3 pou montre 3 etap nan kwasans pye mango a.

Lesón 4.2 Enpòtans fotosentèz Madi pou plant

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen ki montre pwosesis fotosentèz la. Fotosentèz se pwosesis ki pèmèt plant vèt yo fè pwòp manje yo. Epi fè desen dlo k ap wouze tè a tou (li kapab lapli, pa egzanp). Mete solèy nan desen w lan. Fotosentèz pran dlo, solèy, ak lè, li transfòme yo. Mete rasin nan plant lan.



Leson 4.3 Diferan pati nan yon plant Mèkredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen yon plant ki gen rasin, tij, fèy, flè ak fwi. Lè li fini, mande l pou li idantifye tout pati ki nan plant la.

Leson 4.4 Konte ak fèy plant Jedi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, 40 ti wòch oubyen ti gress pwa

Mande ptit ou fè desen yon plant sou fèy papye li a, ki gen 2 branch ak 20 gress fèy ladan l. Mete 10 fèy sou chak branch. Kontwole ansanm. Montre ptit ou jan ou ka sanble 10 ti wòch oubyen gress pwa ansanm pou l fè yon pil. Mande li fè total la : 1 dizèn + 1 dizèn = 2 dizèn, alòs 2 dizèn = 20 inite, sa vle di 20 gress. Eseye varye kantite yo ak ptit ou. Mande li si li bezwen 4 dizèn, konbyen inite oubyen dizèn pou li ajoute, yon fason pou li ka metrize dizèn ak inite.

Leson 4.5 Fèt travay ak agrikilti Vandredi

► **Materyèl:** Gress, yon vye vesò, tè, dlo

Plante pyebwa se yon jès enpòtan, senbolik, pou montre devouman nou nan pwoteksyon anviwònman an. Pran san ou jodi a pou ou cheche gress ki sèvi pou plante pye bwa, gress sitwon, gress zoranj, gress mango, gress zaboka. Mete yon gress nan tè bò lakay ou ouswa nan yon vye vesò ki gen tè ladan. Sonje pou ou toujou ba li dlo pou li ka leve.



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesyon,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesyon pou ou.



CHAPIT 5 SEMÈN SIK DLO

Seyans 5.1 Gwo tibout dlo Lendi

Mande ptit ou tandé istwa *Gwo tibout dlo* a. Di l chak fwa li tandé mo evaporasyon, leve yon (1) men l epi lè li tandé vapè dlo, leve 2 (de) men l !

Seyans 5.2 Sik dlo Madi

 **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande ptit ou fè yon desen sou pakou sik dlo a :

- Lapli tonbe se PRESIPITASYON
- Dlo antre nan tè se FILTRASYON
- Dlo seche monte nan lè se EVAPORASYON
- Dlo a refòme nan nyaj yo se KONDANSAYON.





Seyans 5.3 Evaporasyon Mèkredi

► **Materyèl:** 2 moso rad/ti sèvyèt, dlo

Mande ptit ou fè yon ti eksperyans byen senp sou evaporasyon : Pran 2 moso rad oubyen 2 ti sèvyèt. Mouye yo. Mete youn anndan yon sache plastik. Mete rad yo tann menm kote. Obsève konbyen tan sa ap pran pou chak rad oubyen sèvyèt vin sèch. Ou ka verifye sa pandan tout jounen an, chak 1 èdtan si posib. Eske yo te sèch an menm tan oubyen te gen youn ki te sèch anvan ? Lè yon bagay te mouye epi li vin sèch sa vle di dlo a evapore. Evaporasyon se lè dlo vin tounen gaz epi li gaye nan lè a.

Seyans 5.4 Tanperati ak Jedi presipitasyon

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande ptit ou separe fèy la an twa pòsyon. Nan premye pòsyon an ekri "glase" epi desinen glas. Nan dezyèm pòsyon an ekri "fre" epi desinen dlo k ap koule. Nan twazyèm pòsyon an ekri "cho" epi desinen yon pakèt ti pwen. Kote ki gen glas la ou pral ekri "Solid". Nan pati ki gen dlo ki koule a, ou pral ekri "likid." Nan pòsyon ki gen vapè dlo a, ou pral ekri "Gaz".

Seyans 5.5 Itilite dlo Vandredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande ptit ou panse ak bagay toujou nou ka fè ak dlo epi ekri yo nan fèy papye w l la. Ekri nan tèt papye a kòm tit : Sa nou ka fè ak dlo. Epi fè desen kèk aktivite ou fè ak dlo.



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon leson,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
leson pou ou.



CHAPIT 6 SEMÈN EGZÈSIS

Seyans 6.1 Aleksandrin ak Lendi Albèto nan kous

Mande pitit ou koute istwa Aleksandrin ak Albèto nan kous.
Mande pitit ou kreye yon woutin pou egzèsis ki ka ede l pare pou
kous la. Fòk li toujou kòmanse woutin la ak kèk mouvman pou
detire kò li. Eseye mete sote sou plas ak kouri sou plas.

Seyans 6.2 Diferan egzèsis nou ka fè Madi

Mande pitit ou fè 10 egzèsis pou fè kò li travay (pa egzanp :
danse, bese, sote, kouri, monte bekàn, jwe lago, foutbòl, sote
kòd, naje, mache). Konte soti nan zero pou rive sou 10 : 0, youn, 2,
3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10 !





Seyans 6.3 Enpòtans egzèsis fizik Mèkredi

Materyèl: Papye, kreyon

Eksplike ptit ou egzèsis fizik se tout aktivite ki fè nou fè mouvman. Gen moun ki rele sa fè espò. Mouvman sa yo devlope mis nan kò ou e yo fè ou pi djanm. Mande li pran papye li ak kreyon li pou li fè yon desen ki montre egzèsis li pi renmen an.

Seyans 6.4 Egzèsis fizik – ekilib Jedi

Mande ptit ou kanpe sou yon sèl pye, sou pye dwat li. Mande l konte pou wè konbyen tan li ka rete.

Apre, mande li kanpe sou pye gòch li epi konte konbyen tan li ka rete. Kilès nan 2 pye ou ki ka kenbe ou ann ekilib pi lontan ?





Seyans 6.5 Devlope sevo

Vandredi

Materyèl: Kreyon, fèy papye

Mande ptit ou pratike adisyon +2. Ekri tab adisyon + 2 an sou fèy papye a. Montre ptit ou pou li ka byen konnen tab adisyon an, li ka pratike l plizye fason !

1. Li ka li l nan lòd kwasan, sa vle di soti nan pi piti pou rive nan pi gran.
2. Li ka li l nan lòd dekwasan, sa vle di, soti sou pi gran pou rive sou pi piti.
3. Li ka li tab la byen fò.
4. Li ka li l an silans.
5. Li ka bouche repons yo epi eseye di yo.
6. Kon sa tou, li ka fè yon moun poze l kesyon.



Yon lòt jou ou ka aprann tab adisyon +3.

Youn lòt jou ou ka aprann soustrasyon -2.



Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.



CHAPIT 7 SEMÈN TRANSPÒ

Lesón 7.1 Emota Lendi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou koute istwa *Emota*. Mande li ou kòman li santi I jodi a ? Mande li desine yon kamyonèt ak imaj sou li ki montre sa li santi I jodi a.

Lesón 7.2 Mwayen transpò Madi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè yon desen pou montre plizyè mwayen transpò. Mande I fè yon desen ki gen tout moun lakay li k ap soti, men yo chak ap sòti sou yon mwayen transpò diferan.





Leson 7.3 Diferan kategori transpò Mèkredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Site kèk mwayen transpò epi mande timoun ou ki mwayen transpò ki se transpò terès, transpò maritim, oswa transpò ayeryen :

- Moto
- Chaloup
- Tren
- Elikoptè
- Bourik
- Kannòt
- Kamyon

Mande timoun ou fè yon desen pou montre mwayen transpò li pi renmen an.

Leson 7.4 Polisyon nan mwayen Jedi transpò

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou chwazi youn nan mwayen transpò yo, desinen li sou yon papye, epi di si li bay polisyon oswa lè pwòp.

Leson 7.5 Konpare mwayen transpò Vandredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou konpare gwosè ak rapidite ant bisiklèt ak avyon. Si li renmen vitès, mande l fè desen yon mwayen transpò ki rapid. Si li renmen ale dousman, mande l fè desen yon mwayen transpò ki dousman.



*Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.*



CHAPIT 8 SEMÈN ZOUTI

Lesón 8.1 Manno ak Youko Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Manno ak Youko*. Mande ptit ou imajine li gen yon bwat zouti devan li. Di non kèk bagay li ka mete nan bwat zouti ki ka ede repare afè li. Si li tande w di non yon bagay ki ta ka ede li, mande l fè jès ranmase li, montre li, epi depoze li nan bwa zouti a. Site bagay sa yo : sizo, fisèl, lakòl, pens, gan, kreyon, fil fè, mato, markè, tep. Mande l panse a tout bagay li ta ka ranje avèk materyo ak zouti sa yo.

Lesón 8.2 Zouti Madi

Materyèl: Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ekri mo zip sou papye li a. Si li pa ka ekri l pou kò l, ou kapab ede l. Kòm tit, mande li ekri Zouti. Mande li fè desen yon rad ki gen yon zip sou papye li a.



Leson 8.3 Zouti nan diferan metye Mèkredi

☞ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ekri sa li ta renmen fè lè li gran sou papye a. Lè li fini, mande li reflechi epi fè desen tout zouti li panse l ap gen pou l utilize lè l ap pratike metye sa a.

Leson 8.4 Silab nan zouti Jedi

☞ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, règ

Mande timoun ou fè yon ti mache anndan kay la pou idantifye zouti ki genyen nan kay la. Ede li konte konbyen silab ki gen nan non zouti yo.

Leson 8.5 Zouti pou mezire longè Vandredi

☞ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, règ, fil

Mande timoun ou pran yon règ, papye a, ak yon kreyon. Di li mete yon men plat sou papye a epi fè kontou men an pou trase tout dwèt yo ak pla men an tou. Apre sa, mezire longè chak dwèt ak règ la. Mande timoun ou konpare longè dwèt yo. Si nou pa gen règ pou mezire, mezire ak fil. Mande li ki fil ki pi long.



*Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.*



CHAPIT 9 SEMÈN PATRIMWÀN

Lesón 9.1 Jou lesiv Lendi

Mande timoun ou koute istwa Jou lesiv. Mande pitit ou fè desen yon kote li wè déjà, oubyen li te vizite ki bèl nan je pa li. Li ka chwazi li kòm yon sit li panse ki ta dwe prezèv, paske li ta renmen lòt moun wè li.

Lesón 9.2 Patrimwàn Madi

☞ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen Sitadèl Laferyè. Sonje desinen yon fò sou tèt yon mòn. Eseye imajinen yon kote ou ka wè tout sa k ap pwoche, men kote lòt moun pa ka antre fasil. Mande timoun ou ekri premye lèt nan Sitadèl la ak premye lèt nan Laferyè anba desen an. Ede I pwononse son 2 lèt yo : S, L. Epi fè yon desen pou montre yon sitadèl.



Leson 9.3 Patrimwàn kiltirèl Mèkredi

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, 40 ti wòch

Sitadèl Laferyè mezire 40 mèt. Mande timoun ou konte rive sou 40. Ou ka ede li konte plizyè fason. Ou ka konte pa inite, (1, 2, 3 , 4 .. rive sou 40) ki vle di ou konte chak genn wòch. Ou ka konte pa 2, ou konte chak 2 wòch . (2, 4, 6, 8, 10...rive sou 40). Ou ka konte pa 5 (5, 10, 15, 20 , 25, 30, 35, 40). Ou ka konte pa 10 (10, 20, 30, 40).

Leson 9.4 Fòm jewometrik nan Jedi patrimwàn

► **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, règ

Mande timoun ou idantifye fòm jewometrik ki nan anviwonman I. Envite timoun ou manyen fòm yo pou li pase dwèt li sou yo. Gade fenèt yo ak pòt yo epi idantifye ki fòm yo ye. Mande timoun ou fè yon desen yon kay. Fè li sonje sèvi ak twa fòm sa yo nan kay la: kare, rektang, triyang.



Leson 9.5 Dat istorik

Vandredi

 **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, règ, fil

Ede timoun ou fè yon ti etid sou listwa moun ki nan fanmi ou.

1. Fè yon lis moun ki nan kay la avèk dat yo fèt la.
2. Ede timoun nan jwenn laj chak moun.
3. Ranje lis la soti sou moun ki pi aje a, rive sou sa ki pi jèn nan.
4. Mande timoun nan fè yon desen ki montre chak moun.
5. Ekri anba chak desen, non moun nan, ane li fèt la, ak laj li.





Lakou Kajou byen kontan w
deside aprann avèk nou semèn
sa a ! Si w te manke yon lesón,
mwen ekri aktivite ki ale ak chak
lesón pou ou.



CHAPIT 10 SEMÈN MEZI

Lesón 10.1 Madan Mezire Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Madan Mezire*. Mande pitit ou panse sou santiman oubyen emosyon li pa ka mezire ak okenn zouti (egzanp : lanmou, lespwa, tristès). Mande pitit ou fè yon desen pou montre konbyen lanmou li gen pou fanmi ou.

Lesón 10.2 Mezi Madi

Materyèl : Zouti mezi

Mande timoun ou pou wè ki zouti mezi ou genyen lakay ou. Èske gen tas mezi ? Èske gen kiyè mezi ? Èske gen riban metrik (santimèt) ? Èske gen balans ? Èske gen mamit ? Ede pitit ou rekonèt zouti mezi ou sevi lè w ap fè yon travay ki mande sa. Se pa tout moun ki sèvi ak mezi fòmèl. Montre timoun ou kòman li ka sèvi ak men li oubyen ak pye li pou mezire.



Leson 10.3 Zouti mezi Mèkredi


■ ■ ■ **Materyèl:** Kreyon, fèy papye, règ

Si ou gen yon règ, mande timoun ou trase yon liy dwat sou papye li a ki mezire 10 santimèt epi ekri 10 bò kote liy la. Si ou pa gen règ, mande timoun ou konsidere ti kawo ki nan yon fèy kaye kadriye pou trase liy dwat li a soti nan 1 ti kawo pou rive nan 10. Yon kawo ta dwe mezire 1 santimèt. Mande ptit ou konte rive sou 10.

Leson 10.4 Konpare longè Jedi

■ ■ ■ **Materyèl:** Règ oubyen riban metrik (santimèt)

Mande timoun ou konpare longè ant plizyè bagay ou gen nan kay la, tankou pòt, fenèt, mèb. Si ou gen yon règ oubyen yon santimèt, montre ptit ou mezi yo.





Leson 10.5 Pwa ak balans

Vandredi

Materyèl: Yon sèso, enpe fisèl, 2 kèps

Mande timoun ou rasanble materyèl sa yo: yon sèso, enpe fisèl, 2 kèps. Prepare 4 bout fisèl menm longè.

Mande li mare 2 fisèl nan chak kèps epi mare kèps yo nan 2 bò sèso a. Kwoke sèso a, epi asire li dwat, epi kèps yo menm wotè.

Kounye a timoun ou ka jwe pou li wè ki sa ki pi lou ak pi lejè pamí bagay li mete nan kèps yo. Pa egzanp, li ka mete yon bouchon kola nan youn, yon ti wòch nan yon lòt.

Mande li gade ki sa ki gen plis pwa. Sa ki fè yon bò sèso a desann se li ki pi lou. Mande timoun ou si li ka jwenn 2 wòch ki gen menm pwa.

